# Ekonomikada mámlekettiń qatnasın bunnan bılay da qısqartıwdı hám menshiklestiriwdi jedellestiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında

Image not found or type unknown

**Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararı**

Ekonomikada mámlekettiń qatnasın qısqartıw hám jeke sektordı rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratıw, mámleketlik aktivlerdi ashıq-aydın halda menshiklestiriw processin jedellestiriw maqsetinde:

Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentligi (keyingi orınlarda – Agentlik) tárepinen Qarjı ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri jáne mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalar menen birgelikte 60 qa shamalas ministrlik, uyım hám 2 mıńnan zıyat mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalardıń 12 mıńnan aslam úlesleri hám kóshpes múlk obektleri jalpı xatlawdan ótkerilgeni maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.
Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleriniń, ministrlik, uyım hám xojalıq júrgiziwshi uyımlar basshılarınıń mámleketlik aktivlerdi basqarıw baǵdarındaǵı tiykarǵı wazıypalarınan biri etip, bos turǵan, nátiyjesiz paydalanılıp atırǵan hám tiykarǵı jumısına baylanıslı bolmaǵan aktivlerdi anıqlaw boyınsha xatlaw jumısların úzliksiz ámelge asırıw hám olardan nátiyjeli paydalanıw ilajların kóriw belgilensin.

Tómendegiler:
Xojalıq jámiyetleri ustav kapitalındaǵı menshiklestiriletuǵın akciya paketleri (úlesleri)niń dizimi 1-qosımshaǵa muwapıq;

Ǵalaba sawdalar arqalı satılatuǵın kóshpes múlk obektleriniń dizimi  2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Mámleketlik múlkti satıwda tender sawdaların ótkeriw boyınsha mámleketlik komissiya (keyingi orınlarda – Mámleketlik tender komissiyası) on kún múddette usı qarardıń  1- hám 2-qosımshalarındaǵı obektlerdi 2022-jılda sawdaǵı shıǵarıw grafiklerin tastıyıqlasın.

Sonday tártip ornatılsın, oǵan muwapıq:
a) 2022-jıl 1-aprelden baslap, máhállede isbilermenlikti rawajlandırıw, xalıqtıń bántligin támiyinlew hám kámbaǵallıqtı qısqartıw máseleleri boyınsha rayon (qala) hákiminiń járdemshileri (keyingi orınlarda – hákim járdemshileri) tárepinen óziniń aymaqlarında bos turǵan mámleketlik kóshpes múlk obekti yamasa jer uchastkaları anıqlanǵan jaǵdaylarda, olar:

aymaǵı 2 000 kvadrat metrge shekemgi mámleketlik kóshpes múlk obekti bolǵanda – hákim járdemshileriniń onlayn-buyırtpaxatına tiykarlanıp Agentlik tárepinen tastıyıqlanatuǵın tártipke muwapıq tikkeley elektron onlayn-aukcion sawdalarına shıǵarıladı;

awıl xojalıǵına mólsherlenbegen jer uchastkaları (keyingi orınlarda – jer uchastkaları) bolǵanda – «Yerelektron» avtomatlastırılǵan málimleme sisteması arqalı jiberilgen onlayn-buyırtpaxatı úsh kún múddette tiyisli uyımlar tárepinen kórip shıǵıladı jáne unamlı sheshim berilgen jaǵdayda, eki hápte múddette tikkeley elektron onlayn-aukcion sawdalarına shıǵarıladı;

b) ministrlik hám uyımlar, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımlarına qaraslı bolǵan, úsh aydan artıq paydalanılmay bos turǵan obekt, sociallıq obektler buǵan kirmeydi, Agentlik tárepinen tastıyıqlanatuǵın tártipke muwapıq olardıń kelisimisiz ijaraǵa beriw yamasa satıw ushın sawdaǵa shıǵarıladı;

v) aymaǵı 10 000 kvadrat metrge shekemgi mámleketlik kóshpes múlk obektlerin satıwdan túsken qarjılar, bahalaw hám satıw qárejetlerin jáne Mámleketlik aktivlerdi basqarıw, transformaciyalaw hám menshiklestiriw qorınıń qaramaǵına ótkeriletuǵın bólegi shegirilgen halda, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń byudjetine, wálayatlar hám Tashkent qalasınıń jergilikli byudjetlerine jáne obekt jaylasqan rayon (qala) byudjetine teńdey úleslerde bólistiriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri, ministrlikler, uyımlar hám xojalıq basqarıw uyımlarınıń basshıları Agentlik hám Kadastr agentligi menen birgelikte:
turaqlı túrde ustav kapitalında mámlekettiń úlesi 50 procent hám onnan kóp bolǵan xojalıq jámiyetleri, sonday-aq, ustav kapitalınıń 50 procenti hám onnan artıq muǵdarı mámleketttiń úlesine iye yuridikalıq tárepke tiyisli bolǵan yuridikalıq tárepler (keyingi orınlarda – mámleket qatnasındaǵı kárxanalar) jáne mámleketke tiyisli bos turǵan, nátiyjesiz paydalanıp atırǵan hám tiykarǵı jumısına tiyisli bolmaǵan aktivlerdi (keyingi orınlarda – aktivler) anıqlaw boyınsha xatlaw jumısların dawam ettirsin;

úsh ay múddette anaqlanǵan aktivlerdi basqıshpa-basqısh sawdaǵa shıǵarıw boyınsha Mámleketlik tender komissiyasına usınıslar kirgizip barsın.

Agentlik, Qarjı ministrligi, Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi:
2022-jıl 1-mayǵa shekem «Universal Mobile Systems» JShJnı bahalaw hám satıw procesine xalıqaralıq konsalting, auditorlıq hám investiciyalıq másláhátshisi, investiciya banki yamasa basqa da qánigelesken kompaniyanı (keyingi orınlarda – professional shólkem) tartqan halda, 2023-jıl 1-aprelge shekem onı menshiklestiriw ilajların kórsin;

eki hápte múddette «Wzdonmahsulot» AK quramındaǵı dán kárxanaların Agentlikke ótkergen halda, ǵalaba sawdalar arqalı satıw boyınsha «Jol kartası»n Mámleketlik tender komissiyasına tastıyıqlaw ushın kirgizsin. Onda, 25 dán kárxanasın 2022-jıl 1-aprelge shekem, qalǵanların bolsa usı jıldıń aqırına shekem basqıshpa-basqısh sawdaǵa shıǵarsın;

2022-jıl 1-aprelden baslap «Wzagroservis» AJ hám onıń quramına kiretuǵın shólkemlerdiń kóshpes múlk obektleri, zárúr jaǵdaylarda, olardı óz aldına lotlarǵa bólgen halda, elektron onlayn-aukcion sawdalarına bahalanǵan qunda shıǵarılıwın támiyinlesin;

2022-jıl 1-aprelge shekem «Wzagrolizing» AJnıń operaciyalıq nátiyjeliligin arttırıw, ámeldegi qarızdarlıqtı strukturalıq ózgertiw, jámiyettiń likvidligin hám tólew qábiletin támiyinlewdi názerde tutatuǵın «Jol kartası»n  islep shıǵıp, Ministrler Kabinetine tastıyıqlaw ushın kirgizsin.

«Wzagrokimyohimoya» AJ hám aymaqlıq «Agrokimyohimoya» AJlardı saplastırıw boyınsha Respublikalıq komissiya (Sh.M.Ǵaniev) hám Agentlik eki ay múddette «Agrokimyohimoya» AJ hám aymaqlıq «Agrokimyohimoya» AJlardıń tiyisli imaratları menen obektleri, sonıń ishinde, Agentlikke ótkerilgen halda, elektron onlayn-aukcion sawdalarǵa shıǵarılıwın támiyinlesin.
Qarjı ministrligi mámlekettiń úlesi bar kommerciyalıq banklerdi kompleksli transformaciyalaw hám menshiklestiriw arqalı bank sektorında mámlekettiń úlesin azaytıw boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 12-maydaǵı PP-5992-sanlı pármanı menen tastıyıqlanǵan 2020-2025-jıllarǵa mólsherlengen Ózbekstan Respublikasınıń bank sistemasın reformalaw strategiyasında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın izbe-iz dawam ettirgen halda:
2022-jıl 1-oktyabrge shekem «Qishloq qurilish bank» AKBnıń akciyaların ǵalaba jaylastırıwdı (IPO) támiyinlesin;

2022-jıldıń aqırına shekem Xalıqaralıq qarjı korporaciyası, Evropa tikleniw hám rawajlanıw banki jáne Aziya rawajlanıw bankin tartqan halda «Wzsanoatqurilishbank»

AKB hám «Asakabank» AKBnıń mámleketlik úlesleri sawdaǵa shıǵarılıwın támiyinlesin;

2023-jıl 1-iyulge shekem AK «Xalq banki», «Mikrokreditbank» AKB, AK «Aloqabank», «Agro bank» AKB, «Wzmilliybank» AJlardıń akciyaların fond birjası arqalı ǵalaba jaylastırıw (IPO) jumısların shólkemlestirsin.

Bul bántte belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın sapalı hám óz múddetinde támiyinlewge tiyisli kommerciyalıq banklerdiń basqarma baslıqları (A.Muratov, S.Annaklichev, N.Saydullaev, Sh.Otaboev, O.Butaev, K.Irisbekova, R.Mamatkulov, A.Mirsoatov) jeke juwapker esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar, Tashkent qalası, rayon hám qalalardıń hákimleri:
a) Qurılıs ministrligi, Kadastr agentligi, Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrligi hám Agentlik penen birgelikte 2022-jıl 1-aprelge shekem 3-qosımshadaǵı jer uchastkaların úyrenip shıǵıp, olardıń ústin túrde múlk huqıqı tiykarında, múlk huqıqı tiykarında imkaniyatı bolmaǵanlardı ijara huqıqı tiykarında sawdaǵa shıǵarıwdı támiyinlesin. Onda, Qurılıs ministrligi hám Kadastr agentligi jer uchastkalarına qoyılatuǵın qala qurılısı talapların orınlawǵa ayrıqsha itibar qaratsın;

b) Kadastr agentligi, Qurılıs ministrligi hám Agentlik penen birgelikte usı qarardıń 3-qosımshasına muwapıq:

2022-jıl 1-iyulge shekem «Yerelektron» avtomatlastırılǵan málimleme sistemasında uyımlararalıq kelisimde turǵan jer uchastkaları;

usı jıldıń aqırına shekem bos jer uchastkaların qosımsha túrde anıqlaǵan halda olardıń belgilengen tártipte múlk huqıqı tiykarında elektron onlayn-aukcion sawdalarına shıǵarılıwın támiyinlesin.

Bas ministrdiń orınbasarı J.Qwchqorov jer uchastkalarınıń múlk hám ijara huqıqı tiykarında satılıw jaǵdayınan kelip shıǵıp, aymaqlarda kelesi ayda sawdaǵa shıǵarılatuǵın jer uchastkalarınıń reje-grafigin ayma-ay tastıyıqlap barsın hám onıń orınlanıwın qatań qadaǵalawǵa alsın.

Mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwde olardıń baslanǵısh bahasın járiyalamaǵan halda talapkerlerdi sóylesiwlerge ǵalaba mirát etiw jolı menen, sonıń ishinde, professional shólkemlerdi tartqan halda satıw usılı engiziletuǵını, onda, professional shólkemlerdi tartıw arqalı menshiklestiriletuǵın mámlektlik aktivlerdiń dizimi Mámleketlik tender komissiyası tárepinen tastıyıqlanatuǵını;
professional shólkemlerdi tartqan halda bahası 10 million AQSh dollarınan artıq bolǵan

aktivler boyınsha investorlardıń usınısları Agentlik hám basqa da mámleketlik uyımlardıń qatnasıwısız, tartılatuǵın professional shólkemler tárepinen tikkeley qabıl etiletuǵını;

Mámleketlik tender komissiyasınıń qararı tiykarında talapkerlerdi sóylesiwlerge ǵalaba mirát etiw jolı menen satılatuǵın mámleketlik kóshpes múlk obektleri yamasa mámlekettiń úlesi boyınsha investorlardıń usınısları «E-auksion» elektron sawda platforması arqalı qabıl etilutuǵını, buǵan bahası 10 million AQSh dollarınan artıq bolǵan aktivlerdi professional shólkemlerdi tartqan jaǵdaylar kirmeytuǵını;

xalıqaralıq abırayǵa iye auditorlıq kompaniyalardıń Ózbekstanda jumıs alıp barıp atırǵan sıńar kárxanalarınıń bahalaw esabatları haqıyqıy ekeni ekspertizadan ótkeriw talap etilmeytuǵını;

mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalarǵa tiyisli úlesler hám kóshpes múlk obektlerin satıwdan hám ijaraǵa beriwden, sonday-aq, jer astı uchastkalarınan paydalanıw huqıqın satıwdan túsetuǵın qarjılar menshiklestiriw hám ijaraǵa beriw nátiyjeleri haqqındaǵı málimlemede mámleketlik aktivlerdi menshiklestiriwden hám ijarasınan túsimler sıpatında esapqa alınatuǵını;

Agentlik hám onıń aymaqlıq uyımlarınan mámleketlik kóshpes múlk obektlerin olar jaylasqan jár uchatkaları menen birge birden-bir múlklik kompleksi sıpatında menshiklestiriw boyınsha múrájat kelip túskende, aymaqtıń qala qurılısı talaplarınan kelip shıqqan halda, Qurılıs ministrligi tárepinen bir hápte múddette tiyisli juwmaq beriletuǵını;

mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalar hám olardıń quramındaǵı shólkemlerdiń imarat, obektleri yamasa  basqa da aktivlerin mámleketlik uyımlarǵa ótkeriliwi tovardı realizaciyalaw boyınsha aylanba sıpatında qaralmaytuǵını hám ekonomikalıq jaqtan ózin aqlaytuǵın biypul tovar beriliwine teńlestiriletuǵını;

mámleketlik aktivlerdi bólip-bólip tólew shárti menen satılǵanda dáslepki tólem summasınıń 35 procentinen az bolmaǵan jaǵdaylarda, qalǵan summaǵa Oraylıq banktiń tiykarǵı stavkası muǵdarında jıllıq procentler esaplanatuǵını;

mámleketlik kóshpes múlk obektlerin bólip-bólip tólew shárti menen satıp alıǵan hám satıp alıw tólemin tolıq ámelge asırmaǵansha «iyelik etiw huqıqısız» mámleketlik order berilgen isbilermenlik subektleri tárepinen qosımsha qun salıǵı bul obektlerge salıstırǵanda iyelik etiw huqıqı tolıq ótkennen soń tólenetuǵını;

menshiklestiriliwi belgilengen mámleketlik aktivlerdi, sonıń ishinde, olardıń tovar-materiallıq baylıqları, pul qarjıları hám basqa da múlklerin olar satılǵanǵa shekem pútinligin saqlaw boyınsha materiallıq juwapker shaxs etip, olardı balansta saqlaytuǵın

shólkemler (kárxanalar)diń birinshi basshıları belgilenetuǵını, bunda Agentlikke usı talaptıń orınlanıwı ústinen qatań qadaǵalaw ornatıw júklenetuǵını belgilensin.

Qarjı ministrligi mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalardıń basshıları, Agentlik penen birgelikte bir ay múddette usı qarardıń 1-, 2-, 4-qosımshalarındaǵı mámlekettiń qatnasındaǵı kárxanalar aktivleriniń mámlektlik uyımlarǵa ótkeriliwin támiyinlesin.
Agentlik, Qarjı ministrligi, Ekonomikalıq rawajlanıw hám kámbaǵallıqtı qısqartıw ministrliginiń Tashkent qalası hákimligi «Municipial aktivlerdi basqarıw orayı» mámleketlik unitar kárxanasın (keyingi orınlarda – Oray) Agentliktiń Tashkent qalalıq aymaqlıq basqarmasına qosıw haqqındaǵı usınısı maqullansın. Onda, Agentliktiń Tashkent qalalıq aymaqlıq basqarması Agentlikke jáne Tashkent qalası hákimligine esap beretuǵını belgilensin.
Agentliktiń Tashkent qalalıq aymaqlıq basqarması Oraydıń barlıq huqıqları, minnetlemeleri hám shártnamaları boyınsha huqıqıy miyrasxorı esaplanatuǵını belgilensin.

Agentlik eki ay múddete Oraydıń barlıq huqıq hám minnetlemeleri, pul qarjıları, tiykarǵı quralları, múlkleri, sonıń ishinde, kóshpes múlk obektleri hám xojalıq jámiyetlerindegi úleslerin belgilengen tártipte Agentliktiń Tashkent qalalıq aymaqlıq basqarmasına ótkergen halda qosılıwın támiyinlesin.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń hám Ózbekstan Respubikası Húkimetiniń ayırım qararlarına 5-qosımshaǵa muwapıq ózgerisler hám qosımshalar kirgizilsin.
Agentlik mápdar ministrlikler hám uyımlar menen birgelikte nızamshılıq hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.

Ministrlik hám uyımlar eki ay múddette ózleri qabıl etken normativlik-huqıqıy hújjetlerdi usı qararǵa muwapıqlastırsın.

Ózbekstan Milliy teleradiokompaniyası hám Ózbekstan Milliy málimleme agentligi Agentlik penen birgelikte usı qarardıń áhmiyetin hám onı ámelge asırıw procesin ǵalaba xabar quralларında keńnen sáwlelendirip barsın.
Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker etip Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń orınbasarı J.A.Qwchqarov hám Mámleketlik aktivlerdi basqarıw agentliginiń direktorı A.J.Ortiqov belgilensin.
Qarardıń orınlanıwın hár sherekte dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker uyımlardıń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa júklensin.

**Ózbekstan Respublikası**

**Prezidenti Sh.MIRZIYoEV**

**Tashkent qalası,**

**2022-jıl 18-mart**